



Pou Piblikasyon Imedya: 06/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 29YÈM PWOPOSIZYON NAN DISKOU ETA LETA
2020 LAN: YON PLAN 300 MILYON DOLA POU REYIMAJINE KANAL
ANBLEMATIK ERIE A**

***Pral Reyamenaje Kanal la pou Ogmante Touris Rejyonal, Diminye Inondasyon
nan Kominote Kanal yo, Amelyore Irigasyon pou Kiltivatè ki nan Rejyon Nò eta
yo, Ogmante Opòtinite Lapèch yo ak Restore Marekaj yo***

Premye Faz 165 Milyon Dola Plan an ap Kòmanse Ane sa

Rekòmandasyon yo Fèt pa Gwoup Travay Reyimajine Kanal yo

Reprezantasyon Grafik yo Disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo revele jodi a 29èm pwopozisyon la nan diskou Eta Leta 2020 an: yon plan 300 milyon dola pou reyimajine Kanal Erie a ak kreyasyon aktivite lwazi sou Kanal la pou ranfòse touris, redwi inondasyon, amelyore irigasyon ak lapèch pou lwazi ak restore marekaj yo. Gouvènè a rekòmande konsèy Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA), ki kounye a ap sipèvize Canal Corporation kòm yon filyal, pou apwouve envestisman 300 milyon dola a sou senk (5) ane kap vini yo nan reyinyon konsèy la nan mwa Janvyè a.

"Lè Kanal Erie a te kreye nan 19yèm syèk la li te mete eta a ak peyi a sou chemen pwosperite, e ane sa a nou pral reyamenaje kanal la pou l reponn ak bezwen eta nou an pou 21st syèk la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Plan oze ak vizyonè sa pou transfòme vwa navigab istorik sa pral chita sou siksè Empire State Trail la, ogmante touris atravè Rejyon Nò New York, amelyore rezilyans kominote Kanal yo jounen jodi a ak asire dirabilite ekonomik vwa navigab an nan tan kap vini yo."

"Antanke yon Nouyòkè ki soti nan Rejyon Nò a ki abite tou prè Kanal Erie a epi ki se yon vizitè frekan ki vini nan kominote kanal yo, mwen konnen kijan plan pou repanse kanal sa a ka debloke menm plis potansyèl pou fè l tounen yon gran eman pou atire touris", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Kanal yo te jwe yon wòl enpòtan nan istwa ak kwasans New York, epi avèk reyalizasyon nouvo pwojè pwometè sa yo, kanal yo pral rete yon fòs vital epi y ap pote yon kontribisyon pozitif pou byennèt ekonomik ak kalite lavi nan 225 kominote kote y ap vwayaje yo."

Yon premye faz finansman ap kòmanse ane sa ki pral gen de (2) pati: yon finansman 100 milyon dola pou devlopman ekonomik pou envesti nan kominote toutolon Kanal la

ak yon lòt 65 milyon dola investisman separe nan solisyon ki pral ede anpeche fòmasyon blòk glas ak inondasyon ki an rapò nan zòn Schenectady la.

Rès 135 milyon dola nan plan finansman an pral alwe a rechèch *Gwoup Travay Reyimajine* an (Reimagine Task Force) rekòmande a, ansanm ak solisyon ki an rapò ak kontwòl dega inondasyon, prevansyon espès anvayisan yo ak restorasyon ekosistèm.

Nouvo Fon Devlopman Ekonomik pou Kominote Kanal yo

Nan premye faz pwogram lan, yon fon devlopman ekonomik 100 milyon dola pral sipòte pwojè ki reyitilize enfrastrikti kanal la yon fason adapte pou amelyore lwazi akwatik yo, konekte nouvo amelyorasyon lwazi Kanal la ak Empire State Trail Gouvènè a, selebre estrikti istorik kanal yo, ak devlope atraksyon ak aktivite inik arebò kanal la. Apeprè 25 milyon dola nan montan sa pral alwe imedyatman a yon seri pwojè inisyal:

- ***Konekte Kominote Yo:*** Pwojè "[Brockport Loop](#)" nan Konte Monroe a pral konekte SUNY College nan Brockport ak Empire State Trail la ak and vilaj Brockport la a pati transfòmasyon yon baryè kanal an yon pon pou pyeton ak panorama, ak yon sibvansyon sipò 2 milyon dola nan men Fondasyon Ralph Wilson nan.
- ***Selebre "Enfrastrikti Anblematik":*** [Entèaktif](#), idwo-elktrik [iliminasyon "baraj mobil" Kanal la](#) - okòmansman nan Amstèdam ak Canajoharie nan vale Rivyè Mohawk la - ap selebre eritaj Kanal la ak istwa li kòm yon mèvyè enjenir.
- ***Ogmante Lwazi Akwatik yo:*** Yon nouvo [destinasyon dlo rapid](#), nan ekstremitè nò Lak Cayuga tou pre Seneca Falls, ap chita sou enfrastrikti kontwòl dlo ki egziste deja pou konstwi yon nouvo pakou espò akwatik akote Montezuma National Wildlife Refuge la, pou ka ogmante touris ekolojik ak vizitè espòtif yo nan rejyon an.
- ***Adapte Pwopriyete Endistriyèl pou Nouvo Itilizasyon:*** Gayan konpetisyon *Reyimajine Kanal yo* (Reimagine the Canals) [katye pòch arebò kanal la](#) pral devlope pa Konte Madison nan New York Santral nan yon ansyen pwopriyete endistriyèl nan Canastota arebò Ansyen Kanal Erie a - pou demontre yon nouvo modèl lavi arebò Kanal la nan 21yèm syèk la.
- ***Devlope Akomodasyon pou Destinasyon:*** Guy Park Manor Istorik la, sou Rivyè Mohawk nan Amsterdam, pral refèt kòm yon [destinasyon ospitalite](#) ak yon pon pou pyeton konstwi atravè baryè Kanal la ki te deja egziste a pral bay aksè a lòt akomodasyon pou lannwit arebò Empire State Trail la sou lòt bò rivyè a.

Amelyorasyon Rezilyans yo Ranfòse Kominote Kanal yo

Pou ede diminye inondasyon kwonik pandan ete ak ivè nan Vale Rivyè Mohawk la, yon premye alokasyon apeprè 65 milyon dola pral sèvi pou deplwaye yon brizglas ak antreprann drenaj ak ranplisaj nan kèk kote nan Mohawk la pou anpeche blòk glas fòme; devlope yon Sistèm Siveyans Fòmasyon Blòk Glas ak Avètisman Bonè pou alète

kominote yo konsènan potansyèl inondasyon; epi renovasyon baraj idwo-elektrik Vischer Ferry Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) nan Niskayuna pou ede diminye inondasyon ete yo ak fòmasyon blòk glas yo ozalantou zòn Schenectady ak Scotia, ki gen ladan Distri istorik Stockade la. Dapre rekòmandasyon Gwoup Travay la lòt etid pral antreprann pou pi byen evalye apwòch ki vize diminye vilnerabilite ak inondasyon nan Mohawk ak kwape ogmantasyon espès akwatik ki anvayi nan tout Kanal la.

Irigasyon Amelyore pou Kiltivatè yo

Plan an gen ladan tou kreyasyon yon distri irigasyon nan Rejyon Lwès New York pou amelyore rezistans a sechrès pandan l ap asire fèmme nan konte sa yo gen bon jan aksè a dlo pandan sezon kwasans ete a ki enpòtan anpil. Aksè garanti a dlo nesese pou ogmante pwodiksyon fwi ak legim ki enpòtan anpil, espesyalman nan zòn ki jodi a pa gen aksè ak dlo nan kanal la. Pou asire gen dlo disponib pandan peryòd lapli pa tonbe anpil, enfrastrikti ekoulman kanal yo pral modènize kòm yon pati nan yon "sistèm entelijan jesyon dlo" ki ka pi byen reponn ak chanjman kondisyon metewolojik yo. Yon nouvo pwogram sibvansyon Depatman Agrikilti ak Mache a (Department of Agriculture and Markets) Eta New York la ap jere pral apwiye lòt investisman sektè prive a nan enfrastrikti irigasyon an.

Lapèch Nivo Mondyal ak Marekaj ki Retabli

Pou kreye lapèch nivo mondyal nan Rejyon Lwès New York, nouvo plan an rekòmande pou jere dlo ki ap soti nan Kanal la pou amelyore kote pwason yo rete, ogmante opòtinite lapèch ak liy yo epi pwolonje sezon lapèch otòn nan afliyan Lak Ontario yo. Li gen ladan tou finansman pou ogmante aksè piblik a lapèch toutolon kouran dlo prensipal nan Konte Orleans, Monroe ak Niagara yo. Anplis de sa, li idantifye yon pwogram devye dlo Kanalla pou retabli ak renouri marekaj yo nan Sant New York la ki te konpwomèt yon syèk de sa pa konstriksyon kanal la. Sa ap pèmèt zòn ki tou pre Montezuma National Wildlife Refuge yo, Jwi yon poz nan deplasman chak ane plis pase 1 milyon zwazo, pou atire konsa plis natiralis toujou, moun nan lokalite a, ak vizitè ki sòti nan tout rejyon an ak pi lwen toujou.

Gwoup Travay pou Reyimajine Kanal yo Pataje Rekòmandasyon yo nan Rapò

Lide plan sa a soti nan rekòmandasyon Gwoup Travay pou *Reyimajine Kanal yo*. Gwoup Travay pou *Reyimanjine Kanal yo*, Gouvènè Cuomo te lanse nan mwa Me 2019 la pou pouswiv yon ankèt konplè sou kijan Kanal Erie a ki gen 195 an ta ka reyimajine pou 21yèm syèk la, pibliye konklizyon li yo an plen bay Gouvènè a jodi a nan yon rapò ofisyèl. Gwoup Travay la antreprann pou l:

- Idantifye nouvel itilizasyon potansyèl pou Kanal Erie a ki vize pou amelyore kalite vi Nouyòkè yo
- Evalye kouman Kanal Erie a kapab sipòte ak amelyore devlopman ekonomik nan pasaj kanal la
- Idantifye nouvo opòtinite pou amelyore lwazi ak touris nan Kanal Erie a
- Evalye kouman Kanal Erie a kapab ede diminye enpak inondasyon ak anbouteyaj pou amelyore rezistans epi retabli ekosistèm nan kominote kanal yo, ak

- Dekouvri opòtinite pou itilize enfrakstrikti Kanal Erie a pou elaji irigasyon pou fèm Lwès New York yo

Gwoup Travay la prezide pa Joanie Mahoney, prezidan Otorite Thruway (Thruway Authority) Eta New York a ak ansyen chèf Konte Onondaga. Mahoney ap sipèvizè travay Gwoup Travay la nan Sant New York. Ansyen Gouvènè Adjwen Bob Duffy, sèvi antanke direktè adjwen rejyonal nan Lwès New York, epi Joseph Martens, ansyen komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation), sèvi antanke direktè adjwen rejyonal nan Mohawk River Valley.

Anplis de rekòmandasyon sou devlopman ekonomik ak operasyonèl yo, konklizyon yo ki detaye nan [Rapò Gwoup Travay pou Reyimajine Kanal](#) ki soti jodi a, gen ladan solisyon pou ranfòse rezistans a tanpèt yo sou vwa navigasyon yo, amelyore irigasyon pou tè agrikòl yo, ogmante opòtinite lapèch yo nan Rejyon Lwès New York ak restore marekaj yo nan New York Santral.

Gwoup Travay la rankontre ak lidè minisipal yo, pati konsène yo, pwopriyetè biznis lokal yo, syantis yo ak lòt ekspè yo, ansanm ak manm kominote yo, pou idantifye opòtinite ak solisyon yo ki sipòte yon nouvo vizyon pou envèstisman ki ap vini yo nan vwa navigab lan. Anpil nan lidè Gwoup Travay la eksplòre yo soti nan konkou *Reyimajine Kanal* Otorite Enèji New York la, ak New York State Canal Corporation te fè ane pase a. Rockefeller Institute of Government SUNY a, nan non Gwoup Travay la, fè yon seri seyans sansibilizasyon pandan ete a nan senk (5) kominote kanal yo- Lockport, Brockport, Schenectady, Utica ak Syracuse- pou solisite nouvo lidè nan men piblik la an jeneral. Yo te solisite ide tou a pati yon sit entènèt pou *Reyimajine Kanal* yo, sa ki te bay itilizatè kanal ki pi lwen yo opòtinite pou yo bay Gwoup Travay la opinyon yo.

Inisyativ pou "Reyimajine" an ajoute sou bon jan efò pa Gouvènè Cuomo a pou envèsti nan pasaj kanal la, ki enkli [Inisyativ Revitalizasyon Sant Vil la \(Downtown Revitalization Initiative\)](#) ak [Taste NY](#), ki genyen nouvo endistri, antrepriz ak lojman nan kominote kanal yo. Eksplwatasyon tout potansyèl kanal la pou atire plis touris ak lwazi se yon entèrè kle nan Inisyativ la. Gouvènè Cuomo ak ajans eta yo ak anplwaye otorite yo ap kolabore ak kominote Empire Line yo e kontinye konsilte manm Gwoup Travay yo ak lòt pati ki enterese yo pou asire siksès pwojè yo pandan y ap pwogrese.

Genyen 1.6 milyon vwayaj ki fèt chak lane nan Wout Kanal Erie a, ansyen chemen alaj ki te itilize pa milèt ak cheval pou rale bak nan kòmansman kanal la. Santye a fè pati [Santye Anpi Eta a \(Empire State Trail\)](#) Gouvènè Cuomo a, ak longè 1,207 kilomèt pral pi gran rezo santye itilizasyon miltip Eta a lè li fini nan fen lane 2020. Gouvènè DeWitt Clinton te kòmanse travay sou orijinal kanal Erie a nan dat 4 Jiyè 1817.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)